



Deklarasyon USDA Kont Diskriminasyon

Tout lòt pwogram ki bay asistans ak nitrisyon FNS, ajans nan nivo Eta oswa lokal, ak sou-benefisyè yo, sipoze afiche Deklarasyon Kont Diskriminasyon sa a:

Konfòmman ak lwa Federal konsènan dwa sivil avèk regleman ak prensip Depatman Agrikilti Ameriken (U.S. Department of Agriculture, USDA) konsènan dwa sivil yo, nou entèdi USDA ansanm ak Ajans, biwo, ak anplwaye li yo, ak enstitisyon k ap patisipe oswa jere pwogram USDA yo fè diskriminasyon kont moun ki baze sou ras, koulè po, orijin nasyonal, kwayans relijye, yon andikap, laj, kwayans relijye, oswa revanch oswa reprezay pou aktivite yon moun te patisipe ladan avan pou defann dwa sivil nan nenpòt pwogram oswa aktivite USDA ap fè oswa finanse.

Moun ak andikap ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram (tankou enfòmasyon ak ekriti Bray, an gran lèt, sou kasèt, Lang Siy Ameriken, elatriye), dwe kontakte Ajans (nan nivo Eta oswa lokal) kote yo te aplike pou asistans yo. Moun ki soud, tande di oswa gen pwoblèm pou pale ka kontakte USDA atravè Sèvis Relè Federal la nan (800) 877-8339. An plis, yo kapab jwenn enfòmasyon sou pwogram yo nan lòt lang.

Pou depoze yon plent kont diskriminasyon, ranpli [Fòmilè Plent Diskriminasyon Pwogram USDA](#) a, (AD-3027). W ap jwenn li sou entènèt nan adrès: [How to File a Complaint](#), ak nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon lèt bay USDA epi bay enfòmasyon yo mande nan fòmilè a sou lèt la. Pou mande yon kopi fòmilè plent la, rele (866) 632-9992. Voye fòmilè ou ranpli oswa lèt ou ekri a bay USDA pa:

- (1) lapòs: U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410;
- (2) faks: (202) 690-7442; ou
- (3) imèl: program.intake@usda.gov.

Enstitisyon sa a ofri tout moun menm opòtinite a.